

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan méré informasi ngeunaan sabagian sastra lisan anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis.

Umumna masarakat di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis geus teu pati wanoh jeung teu pati maliré kana kamekaran carita rayat anu aya di wewengkona. Ieu hal katitén yén anak nu boga carita teu wanoh kana carita rayat nu dipibanda ku bapana, padahal upama nurutkeun cara sumebarna sacara lisan, saméméh nu séjén nyaho tangtu ari anakna mah pangheulana nyaho ti bapana.

Sabada panalungtikan dongéng anu kakumpul di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis aya 28 dongéng nya éta: “Rawa Onom”, “Sasakala Panoongan”, “Onom Mangrupa Ema”, “Si Égom”, “Asal-usul Sukacai”, “Oray Kalung”, “Nyi Mas Mayang Sari”, “Éyang Éjo jeung Pusaka Warisan”, “Prabu Selang Kuning”, “Prabu Permana Tatapa”, “Ki Wadah Sangkuy”, “Sasakala Banjar”, “Ciung Wanara”, “Karang Nini”, “Citraresmi”, “Asal-usul Ronggég Gunung”, “Karaton di Basisir Pananjung”, “Batu Kaldé”, “Cirengganis”, “Dipati Imbanagara Ditugel Jangga Keuna ku Pitnah”, “Bupati Galuh Imbanagara Radén Adipati Jayanagara”, “Hubungan Sunda-Majapait Saméméh Kajadian Pasundan Bubat”, “Gajah Mada Ngalatih Prajurit”, “Prabu Cipta Permana”, “Cikawali”, “Sikuraja jeung Leuwi Biuk”, “Rawa Lakbok”, jeung “Kampung Kuta.”

Tinangtu dongéng anu kakumpul sajumlah 28 téh lain mangrupa sakabéhna dongéng anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis, tapi jumlah sakitu téh mangrupa dongéng anu ka panggih ti narasumber anu didatangan wungkul, boa lamun teu kawatesanan ku samporétna waktu jeung waragad mah bisa puluhan atawa ratusan dongéng anu kakumpulkeun.

**Evi Sulastri, 2013**

Tina 28 dongéng anu kakumpulkeun di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis 10 dongéng kaasup kana wanda dongéng sasakala, 8 dongéng mite, jeung 10 dongéng sagé. Dumasar data di luhur, wanda-wanda dongéng anu kakumpulkeun di sapanjang sisi Walungan Citanduy anu sajumlah 28 bisa diperséntasikeun 35,70% dongéng sasakala, 28,50% kaasup dongéng mite, jeung 35,70% kaasup dongéng sagé.

Tina jihat unsur intrinsik nu ngawengku téma, palaku, galur, latar, jeung amanat. Téma sajumlah 28 dongéng nu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis muser téma nu aya hubunganana jeung kulawarga, kakawasaan, karajaan, unsur kakuatan gaib (jin jeung siluman), hubungan jeung mahluk liana sarta alam, jeung ngeunaan téma kaagamaan.

Palaku dina dongéng nu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis aya nu dijadikeun korpus data panalungtikan ngawengku palaku utama jeung palaku tambahan. Palaku utama aya nu disebutkeun ngaranna saperti dina téks dongéng “Citraresmi”, téks dongéng “Nyi Mas Mayang Sari”, téks dongéng “Prabu Selang Kuning”, téks dongéng “Si Égom”, téks dongéng “Prabu Permana Tatapa”, téks dongéng “Ki Wadah Sangkuy”, téks dongéng “Cirengganis”, téks dongéng “Dipati Imbanagara Ditugel Jangga Keuna ku Pitnah”, téks dongéng “Bupati Galuh Imbanagara Radén Adipati Jayanagara”, téks dongéng “Gajah Mada Ngalatih Prajurit”, téks dongéng “Prabu Cipta Permana I”, téks dongéng “Ciung Wanara”, téks dongéng “Sasakala Panoongan”, téks dongéng “Onom Mangrupa Ema”, téks dongéng “Sasakala Banjar”, téks dongéng “Karang Nini”, téks dongéng “Asal-usul Ronggéng Gunung”, téks dongéng “Karaton di Basisir Pananjung”, téks dongéng “Batu Kaldé”, téks dongéng “Hubungan Sunda-Majapait Saméméh Kajadian Pasundan Bubat”, téks dongéng “Cikawali”, téks dongéng “Sikuraja jeung Leuwi Biuk”, téks dongéng “Rawa Lakbok”, téks dongéng “Kampung Kuta”, téks dongéng “Asal-usul Lembur Sukacai”, jeung téks dongéng “Oray Kalung.”

Aya ogé nu maké “maranéhna” dina téks dongéng “Asal-usul Banjar.” Aya deui nu ukur maké istilah “kuring” saperti dina téks dongéng “Éyang Éjo

**Evi Sulastri, 2013**

jeung Pusaka Warisan”, téks dongéng “Rawa Onom.” Palaku anu disebut ngarana Citraresmi dina téks dongéng “Citraresmi”, Nyi Mas Mayang Sari dina téks dongéng “Nyi Mas Mayang Sari”, Prabu Selang Kuning dina téks dongéng “Prabu Selang Kuning”, Si Égom dina téks dongéng “Si Égom”, Prabu Permana Tatapa dina téks dongéng “Prabu Permana Tatapa”, Ki Wadah Sangkuy dina téks dongéng “Ki Wadah Sangkuy”, Ciréngganis dina téks dongéng “Ciréngganis”, Dipati Imbanagara Ditugel Jangga Keuna ku Pitnah dina téks dongéng “Dipati Imbanagara Ditugel Jangga Keuna ku Pitnah”, dina téks dongéng “Bupati Galuh Imbanagara Radén Adipati Jayanagara dina téks dongéng “Bupati Galuh Imbanagara Radén Adipati Jayanagara, Gajah Mada Ngalatih Prajurit dina téks dongéng “Gajah Mada Ngalatih Prajurit”, Prabu Cipta Permana dina téks dongéng “Prabu Cipta Permana I”, jeung Ciung Wanara dina téks dongéng “Ciung Wanara”. Ari palaku tambahan di antarana nya éta Runatadewa (Siluman atawa jin, jeung Ki Patih, Dalem Bongas jeung Dalem Bojong, Raja jin jeung Pandita, Patih Bondan, Bajo, Ki Abisana, Ki Héngkat jeung Pasukan Islam, Déwi Pangreyep, Déwi Naganingrum, Prabu Hayam Wuruk, Prabu Anggalarang, Prajurit jeung Patih Narapaksa. Tina 28 dongéng anu dianalisis kabéh maké galur mérélé. Latar tempat nu digunakeun umumna di leuweung: dina téks dongéng “Rawa Onom”, dina téks dongéng “Prabu Selang Kuning”, dina téks dongéng “Cirengganis”, dina téks dongéng “Bupati Galuh Imbanagara”, jeung dina téks dongéng “Bupati Galuh Imbanagara Radén Adipati Jaya Nagara”; walungan dina téks dongéng “Oray Kalung”, dina téks dongéng “Hubungan Sunda-Majapait Saméméh Kajadian Pasundan Bubat”, dina téks dongéng “Dipati Imbanagara Ditugel Jangga Kena Ku Pitnah”, dina téks dongéng “Sasakala Banjar”, dina téks dongéng “Ki Wadah Sangkuy”, dina téks dongéng “Éyang Éjo jeung Pusaka Warisan”, dina téks dongéng “Si Égom”, jeung dina téks dongéng “Sasakala Panoongan”; basisir dina téks dongéng “Karang Nini”, dina téks dongéng “Asalusul Ronggéng Gunung”, dina téks dongéng “Karaton di Basisir Pananjung”, dina téks dongéng “Batu Kaldé”, jeung dina téks dongéng “Cirengganis”; gunung dina téks dongéng “Kampung Kuta”, jeung dina téks dongéng “Ratu Permana Tatapa”;

**Evi Sulastri, 2013**

sawah dina téks dongéng “Asal-usul Lembur Sukacai”; karaton dina téks dongéng “Ciung Wanara”, dina téks dongéng “Rawa Onom”, dina téks dongéng “Nyi Mas Mayang Sari”, dina téks dongéng “Citraesmi”, dina téks dongéng “Asal-usul Ronggéng Gunung”, dina téks dongéng “Karaton di Basisir Pananjung”, jeung dina téks dongéng “Gajah Mada Ngalatih Prajurit”; jeung lembur atawa kampung dina téks dongéng “Sasakala Panoongan” jeung dina téks dongéng “Kampung Kuta.” Latar waktu dina sastra lisan (dongéng) aya anu nuduhkeun umumna ngeunaan titimangsa, tanggal, taun, baheula, poé, abad jeung peuting saperti diantarana dina dongéng “Rawa Onom”, “Sasakala Panoongan”, “Si Égom”, “Éyang Éjo jeung Pusaka Warisan”, “Prabu Selang Kuning”, “Sasakala Banjar”, “Ciung Wanara”, “Karang Nini”, jeung “Citraesmi”. Latar suasana nu digunakeun umumna bungah dina téks dongéng “Ciung Wanara”, dina téks dongéng “Karaton di Basisir Pananjung”, dina téks dongéng “Batu Kaldé”; hariwang dina téks dongéng “Rawa Onom”, dina téks dongéng “Onom Mangrupa Ema”, jeung dina téks dongéng “Si Égom”; tugenah, teu puguh rasa dina téks dongéng “Oray Kalung”, dina téks dongéng “Nyi Mas Mayang Sari”, dina téks dongéng “Karang Nini”, dina téks dongéng “Dipati Imbanagara Ditugel Kena Ku Pitnah”, dina téks dongéng “Bupati Galuh Imbanagara Radén Adipati Jayanagara”, dina téks dongéng “Hubungan Sunda-Majapait Saméméh Kajadian Pasundan Bubat”, jeung dina téks dongéng “Prabu Cipta Permana”; keueung dina téks dongéng “Oray Kalung”; jeung pagaliwotana dagang dina téks dongéng “Ki Wadah Sangkuy”, dina téks dongéng “Sasakala Banjar”, jeung dina téks dongéng “Hubungan Sunda-Majapahit Saméméh Kajadian Bubat”. Amanat dina 28 dongéng anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis, eusina mangrupa pituduh jeung pépéling pikeun manusa sangkan leuwih tarapti dina ngajalankeun kahirupan di dunya kudu saluyu jeung paripolah nu hadé dumasar katangtuan ku agama, adat, jeung nagara.

Dongéng nu sumebar di sapanjang sisi Walungan Citanduy anu aya di Kabupatén Ciamis nu jumlahna 28 ngabogaan ajén moral, nya éta ngajaga ajén diri, pamingpin nu bisa ngatur kalawan adil tur wijaksana, nyaah ka masarakat,  
**Evi Sulastri, 2013**

nurut kana paréntah kolot, kalakuan nu goréng baris meunang wawales saluyu jeung anu dilakukeunana, béréhan, satia jeung kanyaah hiji salaki ka pamajikanana, jiwa nu teu serah bongkokan, ajeg dina mertahankeun ajén dirina, sikap satria, ngajaga katertiban jeung kaamanan, kalakuan nu hadé, jeung asak tinimbangan.

Tina 28 dongéng ajén sosialna aya 12, rata-rata ngeunaan ngurus kaperluan hirupna, kasatian jeung sauyunan dina nyanghareupan musibah, ngurus layon, jeung sikep silih bantuan di antara papada jalma.

Ajén kaagamaan nu nyampak dina 28 aya 13 dongéng ngawengku manusa percaya kana alam gaib, kawajiban ngurebkeun layon, éling ka Nu Maha Kawasa kalawan ngucapkeun *istigfar*, ngucapkeun sukur ka Nu Maha Kawasa lantaran meunang salemat tina pancabaya. Bisa diperséntasikeun 100% ajén moral, ngeunaan manusa nu ngalakukeun kajahatan tinangtu menang wawales, pon kitu deui sabalikna manusa ngalakukeun kahadéan menang kabagjaan. 42,80% ajén sosial, ngeunaan ayana hubungan jeung manusa lian dina hirup kumbuh di dunya. 46,40% ajén kaagamaan, ngeunaan ayana hubungan manusa jeung Nu Maha Kawasa.

## 5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, panalungtik ngarékomendasikeun sababaraha saran saperti, di handap.

### 1) Pikeun Pamaréntah Kabupatén Ciamis

Saran pikeun Pamaréntah Kabupatén Ciamis nya éta layanan kamasarakatan, hususna ngeunaan urusan perijinan, bisa leuwih dironjatkeun jeung dipikahareup pamaréntahan Kabupatén Ciamis, leuwih taliti jeung apik dina nyimpeun data, rék data anu mangrupa buku atawa data atah anu mangrupa

Evi Sulastri, 2013

*file computer*, sabab sababaraha waktu ka tukang *progress report* anu eusina mangrupa informasi ngeunaan profil désa jeung sajarah désa aya anu dibeundeul mangrupa *progress report*, leungit. Padahal numutkeun nu nyusuna nya éta Kuncén (Juru Kunci), néangan data, ngumpulkeun data, jeung nyusun data nepi ka mangrupa *progress report* téh, prosésna lila pisan.

## 2) **Pikeun Masarakat di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis**

Saran pikeun masarakat, nya éta ngamumulé jeung lamun bisa mah di dokumentasikeun dongéng-dongéng anu aya di wewengkon séwang-séwangan. Hususna daérah anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy. Panalungtik ngarasa, kokolot jeung tokoh-tokoh masarakat, beuki dieu, beuki ngurangan, padahal informan téh saeutik gedéna mangrupa panumbu catur atawa jalma anu bisa jadi nara sumber ngeunaan dongéng-dongéng anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy. Ku kituna, sabisa-bisa kudu di mumulé rék ku cara naon waé sangkan dongéng-dongéng teu leungit.

## 3) **Pikeun Mahasiswa**

Saran pikeun mahasiswa, nya éta dipihareup loba mahasiswa anu nalungtik dongéng-dongéng atawa carita rayat hususna di wilayah Jawa Barat, sabab hal éta salian ti bisa pikeun ngaréngsékeun tugas ahir, tapi ogé bisa jadi tarékah pikeun ngamumulé jeung ngamekarkeun dongéng-dongéng anu aya di wilayah séwang-séwangan.

## 4) **Pikeun Guru Mata Pelajaran Basa Sunda**

Evi Sulastri, 2013

Saran pikeun guru mata pelajaran basa Sunda hususna nya éta dipihareup guru mata pelajaran mampuh tur parigel milih bahan pangajaran basa Sunda, hususna mata pelajaran sastra carita rayat (dongéng), sangkan luyu jeung kahayang siswa, sabab ti 28 dongéng anu kakumpul ti sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis ngandung ajén atikan anu alus tur luhur.



**Evi Sulastri, 2013**

Sastra Lisan Anu Aya Di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulukan Struktur Jeung Ajén Atikan)  
Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)